

Komisyon Finansman Edikasyon Piblik nan Delaware

(PEFC) Kesyon Yo Souvan Poze

Objektif/Kontèks

Dokiman sa a reponn kesyon ki souvan poze pandan diskisyon kominote konsènan chanjman ki pwopoze nan sistèm finansman lekòl piblik nan Delaware.

Kesyon yo reprezante sa manm kominote a souvan mande. Repons yo rezime pwopozisyon aktyèl Komisyon an ak pwochen etap ki planifye. Kèk detay ka kontinye evolye pandan lejislasyon ak planifikasyon ekzekisyon ap avanse.

Kisa PEFC a ye ?

Se Komisyon Finansman Edikasyon Piblik nan Delaware (Public Education Funding Commission, PEFC) ki responsab atravè **House Concurrent Resolution No. 2 of the 153rd General Assembly (Rezolisyon Similtanè Chanm lan Nimewo 2 nan 153yèm Asanble Jeneral la)** pou kontinye revizyon global pou finansman edikasyon piblik pou tout etidyan ak popilasyon ki sèvi pa lekòl distri ak lekòl achat, devlope yon plan rekòmandasyon pou ekzekite amelyorasyon nan sistèm finansman edikasyon piblik la, epi sèvi kòm yon kò kontini pou analize finansman an anyèlman epi rekòmande mizajou ak chanjman.

Poukisa yo te kreye li?

Pandan plizyè deseni sistèm finansman lekòl nan Delaware pa t resevwa yon evalyasyon konplè. Apre yon pwosè ki depoze pa ACLU ak NAACP, epi akò antant ki te vini apre, Depatman Edikasyon nan Delaware la (Delaware Department of Education, DDOE) te kòmande yon rapò nan men Enstiti Ameriken pou Rechèch (American Institute of Research) epi nan mwa jen 2024 Asanble Jeneral DE a te pase Rezolisyon Similtanè #201 Sena a pou kreye PEFC a . Yo te kreye PEFC a pou reponn a kesyon swivan yo epi rekòmande amelyorasyon bay GA a.

- Èske tout etidyan yo ap resevwa asistans yo bezwen an?
- Èske lekòl distri ak lekòl achat yo resevwa finanman ki ekitab?
- Èske sistèm lan fasil pou konprann ak mete a jou sou yon peryòd tan?

Kiyès ki sèvi nan Komisyon an?

Manm komisyon an asiyen atravè sistèm edikasyon ak kominote jeneral nan Delaware pou asire **plizyè vwa ak pèspektiv** antre nan rekòmandasyon yo. Manm yo enkli:

- Lejislatè nan toude pati politik yo
- Lidè edikasyon onivo eta a
- Lidè nan bidjè eta a
- Ofisye finansye pou lekòl ak distri
- Pwofesè ak direktè
- Paran ak reprezantan kominote
- Yon etidyan

Ki wòl PEFC a?

Wòl komisyon an se pou li:

1. kontinye evalyasyon global sou kijan Delaware aktyèlman finanse lekòl piblik li yo.
2. devlope rekòmandasyon pou ekzekite amelyorasyon nan sistèm finansman edikasyon piblik la.
3. sèvi kòm yon kò kontini pou evalye finansman an anyèlman epi rekòmande mizajou ak chanjman.

Ki kalandriye yo antisipe?

- Otòn 2025: Rekòmandasyon inisyal finalize
- Prentan 2026: Rekòmandasyon pwopoze pral voye bay Asanble Jeneral la
- Avril 2026 – Jiye 2027: Planifikasyon ekzekisyon ak lansman
- Out 2027: Lansman ekzekisyon

Èske ogmantasyon nan tout finansman ap fèt yon sèl kou?

- Non, ogmansyon nan finansman yo pa pral fèt yon sèl kou. Majorite eta yo antre chanjman finansman sou plizyè ane akòz kontrent bidjè regilye. Delaware ap konsidere yon apwòch gradyèl, pou ogmantasyon yo ka dirab pandan l ap mete sistèm lan sou chemen adekwa.

Kijan piblik lan ka enplike?

Piblik la ka enplike lè yo:

- **Patisipe nan rankont PEFC yo** (pibliye sou education.delaware.gov/community/pefc)
- **Pataje opinyon** pandan moman kòmantè piblik oubyen atravè soumisyon alekri
- **Li materyèl rankont ki pibliye piblikman** pou yo ka akonpaye pwogrè yo
- **Patisipe nan aktivite PEFC ak aktivite kominote sou sijè a**

Kisa ki pral rive apre PEFC fini travay li an?

Apre PEFC a fini travay li an, rekòmandasyon komisyon an pral ale jwenn Asanble Jeneral la, ki ka apresa pwopoze lwa, chanjman politik, ak/oubyen chanjman bidjè pou mete rekòmandasyon yo an aksyon.

Poukisa li enpòtan

Travay PEFC a enpòtan paske desizyon finansman lekòl gen enpak sou tout bagay soti nan gwo sèvè klas ak materyèl pou sèvis asistans pou etidyan. Lè li modènize sistèm finansman an, Delaware espere li pral ede chak etidyan reyisi lè li:

- Rann finansman pi ekitab ak pi previzib
- Sipòte etidyan ki gen pi gwo neseseite
- Bay lidè lekòl ak distri plis fleksibilite sou kijan pou yo asiye resous annakò ak neseseite etidyan

Modèl Finansman Ibrid ki Pwopoze a

Kisa modèl finansman ibrid ki pwopoze a ye?

Modèl finansman ibrid ki pwopoze a òganize finansman edikasyon nan twa eleman:

1. **Finansman Debaz** – estaf esansyèl (pwofesè, administratè, pwofesyonèl, ak sèvis ki lye).
2. **Finansman opòtinite** – Finansman endividyèl pou chak etidyan MLL ak etidyan ki gen revni ba.
3. **Finansman operasyonèl** – Founiti, enèji, pwogram edikatif, ak nesese ki lye.

Kijan eta a pral asire nouvo finansman an rive jwenn etidyan li gen entansyon sipòte a?

Eta a pral asire l nouvo finansman rive jwenn etidyan sible yo lè li devlope nouvo ekzijans responsablizasyon ak transparans. Lekòl distri ak lekòl achat dwe montre kijan fon yo— espesyalman fon pou etidyan ki andikape, etidyan ki gen revni ki ba ak etidyan milti-leng—depanse. Pa ekzanp, lekòl yo ka piblikman rapòte kijan finansman yo te itilize pou sipòte estaf, sèvis etidyan, oubyen pwogram enstriksyon.

Kijan paran ak manm kominote a ka patisipe diran ekzekisyon an?

Paran ak manm kominote a pral gen opòtinite pou angajman ak patisipasyon kontini atravè rankont piblik, opòtinite fidbak ki aksesib, ak rapò piblik. Dat rankont ak materyèl pral pibliye sou sitwèb Depatman Edikasyon nan Delaware. Odyans Asanble Jeneral pral enkli tou opòtinite pou kòmantè piblik.

Kijan eta a pral konnen si nouvo fòmil finansman an ap mache?

Eta a pral evalye nouvo fòmil la atravè evalyasyon kontini pou modèl la lè li itilize plizyè endikatè, tankou rezilta elèv, to gradyasyon ak pwomosyon, kijan yo distribye resous yo, ak fidbak. Yo planifye yon evalyasyon fòmèl apre premye ane ekzekisyon an, ki pral suiv pa evalyasyon regilye alontèm.

Kijan modèl finansman an pral sipòte distri ak lekòl andeyò ki gen pi gwo nesese?

Modèl finansman an dirije resous adisyonèl bay etidyan ki gen pi gwo nesese kèlkeswa kote y ap viv. Travay fiti PEFC nan domèn egalizasyon pral adrese inegalite ki ekziste ant distri lekòl yo ki gen fondasyon enpo ki pi piti ak valè pwopriete ki pi ba. Distri sa yo souvan gen difikilte pou egalize ak kontribisyon eta yo, sa ki pwodui yon aksè inekitab a pwogram oubyen sèvis.

Èske fòmil finansman an pral chanje alavni pou refilete enflasyon oubyen nouvo bezwen etidyan yo?

Wi. Komisyon an te mete aksan ke modèl finansman an pa ta dwe rete fiks. Apre ekzekisyon, eta a planifye pou l analize ak ajiste modèl la peryodikman pou refilete nesese etidyan, pri, ak kondisyon ekonomik k ap chanje.

Poukisa transpò, alimantasyon, ak konstriksyon lekòl pa enkli nan fòmil la?

Transpò, alimantasyon ak konstriksyon lekòl pa enkli nan fòmil la paske domèn sa yo jeneralman resevwa finansman separe paske depans yo depann de faktè tankou pri gazolin, mil ki vwayaje, oubyen kondisyon edifis olye de jis nesese etidyan.

Finansman pou Etidyan ki Pale plizyè Lang (Multilingual Learners, MLL), Etidyan ki gen revni ki ba, ak etidyan k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal

Kisa "estati Edikasyon espesyal" vle di?

Estati Edikasyon espesyal refere a kijan etidyan ki gen andikap kategorize anfonksyon nivo nesese yo, sa ki detèmine nivo finansman.

Kijan yo klasifye etidyan Edikasyon Espesyal pou finansman?

Nan Delaware yo klasifye etidyan edikasyon espesyal nan twa nivo epi nivo finansman an ogmante pandan nesese etidyan an ogmante.

- Debaz
- Elve
- Konplèks

Ki kantite finansman adisyonèl etidyan ki gen revni ba ak etidyan ki nan pwogram aprenan plizyè lang yo pral resevwa nan kad modèl ki pwopoze a?

Nan kad modèl ibrid ki pwopoze a, finansman pou etidyan ki gen revni ba ak etidyan ki pale plizyè lang ta pral ogmante nan fason konsiderab . Montan final yo pral depann de desizyon Asanble Jeneral la epi pwosesis bidjè eta a. An rezime, pwopozisyon an ogmante konsiderableman finansman ki sible pou etidyan ki gen pi gwo nesese.

Ki tip asistans lekòl yo te ka ofri ak ogmantasyon finansman pou etidyan ki pale plizyè lang yo?

Ak ogmantasyon finansman pou etidyan milti-leng yo, lekòl ak distri yo ta pral deside kijan pou itilize finansman sa a annakò ak nesese etidyan. Sipò enkli bagay tankou estaf edikasyon adisyonèl, pwogram bileng oubyen pou nouvo veni, sipò alfabetizasyon sible, devlopman pwofesyonèl pou anseyan, epi patenarya ak òganizasyon kominote. Lidè lokal pral gen fleksibilite pou pran desizyon finansman pou adapte sipò jan sa nesese.

Èske yo pral ofri finansman pwogresif pou etidyan MLL yo?

Gwoup Travay Teknik PEFC a pral evalye rechèch ak lòt meyè pratik eta a nan domèn sa a epi fè rekòmandasyon bay Komisyon konplè a. Yo poko defini yon kalandriye ekzekisyon.

Mobilite Etidyan

Èske lajan an pral swiv elèv la?

Wi. Nan kad modèl ibrid la, dola eta a swiv etidyan an nan lekòl li ale a.

Kijan modèl la adrese etidyan ki demenaje pandan ane eskolè a?

Finansman pral kontinye baze sou kantite etidyan yo te konte nan dat 30 Septanm nan chak ane. Chanjman minim nan finansman ka toujou fèt pandan yo kontwole nan mitan ane lekòl la, sa ki pral devwale mouvman etidyan ant lekòl yo.

Pou plis enfòmasyon, kalandriye rankont, ak opòtinite pou pataje fidbak, vizite paj PEFC a sou sitwèb Depatman Edikasyon nan Delaware la: <https://education.delaware.gov/community/pefc/>